



Pou Piblikasyon Imedya: 20/07/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE LANSMAN PWOJÈ YO FINANSE ATRAVÈ INISYATIV REDIKSYON POVRETE EMPIRE STATE LA YO NAN ALBANY

Twa Pwogram pral Kòmanse Ak Sipò Ak Plis Pase 400,000 dola nan Finansman Eta a

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a twa pwojè ke yo ap finanse nan kad Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la (Empire State Poverty Reduction Initiative, ESPRI) nan Albany. Pwojè sa yo se yon rezilta dirèk ESPRI an, ki se inisyativ 25 milyon dola Gouvènè an pou ede 16 kominote devlope estrateji ki onivo lokal yo pou redwi povrete, epi ogmante opòtinite ekonomik yo pou tout moun New York yo.

“Atravè Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la, nou ap bay kominote yo mwayen pou yo ka konekte moun yo ak opòtinite ki ap ede mete yo sou yon wout pou yo soti nan povrete epi ale nan endepandans ekonomik”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Mwen espere wè pwogram sa yo ki ap bay rezilta epi mwen felisite Albany poutèt efò yo te fè pou rive nan pwèn sa.”

Byen rapid apre ke Gouvènè an te anonse Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State lan an 2016, Albany, Binghamton, The Bronx, Buffalo, Elmira, Hempstead, Jamestown, Newburgh, Niagara Falls, Oneonta, Oswego, Syracuse, Troy, Utica ak Watertown te vin rejwenn Rochester nan devlope fòs entèvansyon lokal yo pou kapab sipèvizè efò lokal yo epi administre finansman eta yo.

Inisyelman, fòs entèvansyon sa yo te travay pou idantifye zòn ki gen gwo nesosite yo epi devlope rekòmandasyon pou investisman ak lòt chanjman pou redwi kantite moun ki ap viv nan povrete yo. Kounye a, fòs entèvansyon yo ap kòmanse mete sou pye plan rediksyon povrete yo ke yo te devlope nan premye faz lan, apati itilizasyon fon ESPRI an.

Twa pwogram ke yo te apwouve pou jwenn finansman nan Albany yo se:

- **Albany Community Action Partnership, 225,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou elaji sèvis ki an rapò ak anplwa yo pou travayè nan Albany ki pi vilnerab yo, epi ede moun yo jwenn lisans tankou lisans chofè komèsyal ki sètifye oswa kòm asistan administratif medikal.

- **Homeless and Travelers Aid Society, 171,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou yon inisyativ anplwa, sipòte fòmasyon nan antrepo nan travay lan pou moun ki te enkasere anvan sa yo. Pral gen yon rekonpans pou patwon yo nan domèn sa pou yo ka anboche epi konsève patisipan nan pwogram yo.
- **Albany Housing Coalition, 66,000 dola** - Yo pral itilize finansman an pou elaji Pwogram Anplwa pou Veteran yo (Veterans Employment Program) nan kowalisyon an, ki ap konekte patisipan yo ak fòmasyon, anplwa ki enpòtan ak establi pou lojman nan kay lojman ki bay sipò epi ki a pri abòdab yo pou ka asire ke yo ka jwenn yon travay epi kenbe li. Sèvis yo pral disponib pou tout veteran ki gen revni fèb yo ki nan Vil Albany.

Komisè Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance) nan Eta New York Samuel D. Roberts, te deklare, “Baryè pou simonte povrete yo inik pou chak kominote epi yon konsevwa apwòch yo jenere onivo lokal sa yo pou reponn a bezwen chak kominote yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te devlope yon modèl k ap responsabilize lidè lokal yo pou yo reponn a koz fondamantal povrete yo nan fason ki pi efikas la”.

Sekretè Deta New York la, Rossana Rosado, te deklare, “Gouvènè Cuomo rekonèt ke pou kominote yo pwospere, nou dwe bay rezidan ki gen mwens chans yo resous ki pou ede yo. ESPRI bay yon bourad a sila yo ki ap soufri anba men povrete yo, ki an retou ap ranfòse lyen kominotè yo, bay rezidan yo yon sans fyète, epi ankouraje kwasans alafwa anndan ak an deyò chak lokalite. Sa yo se gran pwogram ki pral ede pote yon kad ekonomik ekitab pou nou tout ka pwospere”.

Kowòdonatè Ant Ajans Òganizasyon San Bi Likratif yo Fran Barrett te deklare, “ESPRI kontinye efò reyisi Gouvènè Cuomo ap fè pou l takle koz fondamantal povrete yo ak inegalite revni yo. Atravè ESPRI, Gouvènè Cuomo te responsabilize Nouyòkè ki gen revni fèb yo pou yo konsevwa estrateji pou retire baryè ki anpeche yo atenn mobilite ekonomik ak sosyal yo. Sa a se yon moman pou grand kontantman paske sitwayen Albany yo ap travay ansanm pou yo jwenn rezilta tanjib. Pwojè inik pou chanje sistèm lan yo te lanse jodi a yo se bèl egzanp ki montre travay k ap fèt atravè eta a yo nan toule 16 lokalite ESPRI a yo. Nou ap aplodi travay lidèchip lokal Albany lan ap fè yo epi nou paka tann pou n wè enpak ke efò sa a pral genyen sou lavi fanmi Albany lan yo”.

Senatè Neil Breslin te di, “Finansman an ke Inisyativ Rediksyon Povrete Empire State la te bay lan pou Albany Community Action Partnership, Homeless and Travelers Aid Society ak Albany Housing Coalition pral bay opòtinite ekonomik reyèl pou moun ki bezwen asistans yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an poutèt investisman pèmanan yo nan pwogram rediksyon povrete yo”.

Manm Asanble Patricia Fahy te di, “Sikl povrete a kapab patikilyèman visye pou kèk fanmi nan Albany ki pi vilnerab yo. Investisman nan pwogram rediksyon povrete inovatif yo ki konsantre sou anplwa, lojman ak rediksyon kantite moun ki sanzabri yo ap ale lwen nan ede kominote nou an. Nou voye anpil remèsiman bay Gouvènè

Cuomo poutèt li kolabore ak òganizasyon ki baze nan kominote nou an yo pou ede redwi kwasans povrete nan Rejyon Kapital epi ede fanmi klas travayant yo jwenn estabilite finansye”.

Egzekitif Konte Albany an, Dan McCoy te di, “Pandan ke gouvènman federal lan ap kontinye vire do li bay moun ki dezavantaje sou plan ekonomik nan peyi sa, soti depi nan eseye ogmante pri lwaye yo pou lojman piblik yo pou rive nan retire asistans sante, inisyativ sa pa te ka rive nan yon pi bon moman. Mwen vle remèsye Gouvènè a poutèt li ap fè patenarya ak lokalite yo pou bay sèvis ki enpòtan anpil yo ki te pwouve ke y’ap ede sila yo ki bezwen retounen kanpe sou de pye yo, jwenn lojman ki estab epi retounen nan travay”.

Majistra Albany a Kathy Sheehan te deklare, “Nou rekonèt ke anpil baryè ki egziste anpeche moun yo jwenn oswa konsève anplwa ki pwofitab oswa enskri epi konplete pwogram fòmasyon ak pwogram devlopman mendèv yo; baryè tankou montan depans pou swen pou timoun yo, transpò, oswa mank lisans ak sètifikasyon ki ka ede konstwi karyè ki vyab. Mwen fyè pou mwen rejwenn Gouvènè Cuomo pou anonse finansman pou twa pwogram sa yo ki ap travay pou elimine baryè pou moun ki ap chèche fè karyè yo pwogrese oswa retounen antre nan mendèv la isit la nan Capital City New York. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt angajman inebranlab li anvè rediksyon povrete toupatou nan Empire State”.

Inite Kowòdinasyon San Bi Likratif (Nonprofit Coordination Unit) Gouvènè a, ansanm ak Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape Eta New York la, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la (New York State Homes and Community Renewal), ak Ekip Sibvansyon ak Refòm Eta New York la (New York State Grants and Reform Team), te òganize plizyè sesyon ekout atravè eta a ane pase, pou diskite sou mizajou yo ak pwogram ESPRI Gouvènè a, reponn kesyon yo, epi konekte ak gouvènman lokal la ak founisè san bi likratif yo ak gwoup biznis yo. Rès kominote ESPRI yo tout nan divès faz devlopman ak adaptasyon rekòmandasyon lokal yo, epi yo prevwa anonse plan rediksyon povrete endividyèl yo nan mwa ki gen pou vini yo.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)